

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1. Kasang Tukang**

Sastra mangrupa hasil karancagéan manusa anu gelar tina pangalaman batin pangarang kalawan diungkaraun ku média basa, boh lisan boh tulisan. Ku sabab gelarna dina kahirupan manusa, tangtu waé sastra bakal euyeub ku ajén-ajén kahirupan manusa. Lian ti éta, sastra bisa dijieun gambaran ngeunaan hiji sistem kamasarakatan anu luyu jeung kultur jamanna.

Mangpaat sastra téh salah sahijina nya éta salaku hiburan. Di sagigireun éta, sastra ogé mibanda mangpaat salaku média atikan, sabab dina sastra téh aya rupa-rupa ajén atikan boh anu sipatna positif boh anu négatif.

Eusi karya sastra aya anu patalina jeung filsafat, agama, politik, moral, atikan, sosial, boh ajén kahirupan séjénna.

Tumali jeung sawangan ajén kaagamaan (réligius), yén anu disebut karya sastra réligius téh nya éta karya sastra anu eusina nyangkaruk simbol-simbol tur ajén-inajén kaagamaan di masarakat.

Dina sastra nyangkaruk sababaraha aspék anu aya patalina jeung manusa, kaéndahan sastra téh aya dina eusina. Jadi, sastra téh mangrupa karya seni. Sacara harfiah anu dimaksud seni nya éta kréatifitas manusa anu nyangkaruk unsur éstétis (kaéndahan), anu nyoko kana basa tur dirojong ku struktur eusina nu miboga ajén

sastra. Anu leuwih nyoko dina kaéndahan sastra jeung nyoko kana eusina, nya éta naon-naon anu ditepikeun minangka tarékah pikeun ngahontal bebeneran.

Salah sahiji wangun karya sastra nya éta novél. Sedengkeun anu disebut novél téh nya éta prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa plotna kompléks (Iskandarwassid, 1992: 91). Eusi novél diwangun ku runtuyan kajadian anu ngajenggléng jadi hiji carita ku sabab aya unsur-unsur anu diwangunna. Unsur-unsur carita téh kudu silih rojong, silih lengkepan dina ngawangunna.

Dina novél dicaritakeun yén Masyitoh téh hiji emban urang Israil anu ngawulaan putrina Fir'aon anu ditibanan hukum pati, ku lantaran milih tumpur-lebur sapiri-umpi manan kudu mangéran ka Fir'aon papada jalma.

Standar kompetensi pangajaran basa jeung sastra mangrupa program pikeun ngembangkeun élmu pangaweruh, kaparigelan basa. Pangajaran sastra diajengkeun pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina *menikmati, menghayati, dan memahami karya sastra*. Matéri novél aya dina SKKD kelas 2 SMA seméster 2.

Pangajaran sastra ngaliwatan kagiatan aprésiasi jeung ékspresi sastra mangrupa pangajaran anu museur dina méré pangalaman sarta méré ajén-ajén anu nyangkaruk dina karya sastra éta sorangan.

Bahan pangajaran sastra di sakola geus nyampak dina kurikulum. Dina éta kurikulum geus méréle susunan jeung ambahan bahanna pikeun unggal tahapan kelasna dina unggal semésterna, jumlah jam pikeun unggal kelompok bahanna, katut sumber bahanna.

Ieu panalungtikan dilakukeun teu langsung ancrub ka lapangan, tapi kumaha larapna sangkan bisa dijadikeun bahan pangajaran sastra di SMA, sarta bisa luyu jeung pangajaran anu aya di SMA. Ku sabab dina pangajaran sastra kiwari, pangajaran sastra anu museur kana méré pangalaman sarta méré ajén-ajén anu nyangkaruk kana karya sastra téh kacida kurangna.

## **1.2. Rumusan jeung Watesan Masalah**

### **1.2.1. Rumusan Masalah**

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta saperti kieu.

- 1) Ajén kaagamaan naon waé anu nyampak dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi?
- 2) Kumaha struktur carita nu mangrupa téma, para tokoh, jeung latar (*sétting*) dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi?
- 3) Maluruh luyu henteuna ajén kaagamaan dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi dilarapkeun kana bahan pangajaran sastra di SMA?

### **1.2.2. Watesan Masalah**

Watesan masalah mibanda peran anu penting dina unggal wangun panalungtikan, di antarana salaku papagon anu ngalelebah masalah, nepi ka panalungtikan anu keur dipigawé téh henteu méngpar tina tujuan jeung rarancang munggaran. Di sagigireun éta, watesan masalah perlu pikeun ngécéskeun objék panalungtikan anu sabenerna, sangkan ambahananna henteu lega teuing. Luyu jeung

ieu judul panalungtikan, watesan masalah dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Ajén kaagamaan Aqidah dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi;
- 2) Struktur carita nu mangrupa téma, para tokoh, latar (*setting*) dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi;
- 3) Dilarapkeun kana bahan pangajaran sastra di SMA dumasar kamampuh maca siswa dina ngaapresiasi novél.

### **1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan panalungtikan mangrupa acuan pikeun nangtukeun arah tina sagala kagiatan supaya tina éta kagiatan anu dilakukeun téh beunang hasil nu hadé.

Tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Ngadéskripsikeun ajén kaagamaan dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi;
- 2) Ngadéskripsikeun struktur caritaan anu mangrupa téma, para tokoh, latar (*setting*) dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi;
- 3) Nambahan élmu pangaweruh pikeun bahan pangajaran sastra di SMA;
- 4) Ajén kaagamaan ieu téh dipiharep bisa diamalkeun dina kahirupan sapopoé.

### 1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan, nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Bisa méré gambaran ngeunaan ajén kaagamaan sarta struktur caritaan dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi;
- 2) Bisa dijadikeun picontoeun sarta pieunteungeun dina kahirupan sapopoé;
- 3) Bisa jadi alternatif guru dina milih bahan pangajaran sastra di SMA;
- 4) Bisa méré sumbangan pikeun guru supaya leuwih kréatif dina pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

### 1.4. Anggapan Dasar

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Karya sastra novél mangrupa salah sahiji karya sastra anu bisa ditalungtik sacara ilmiah, ku sabab dina éta novél téh nyangkaruk kaidah-kaidah atawa norma pikeun jadi bahan panalungtikan;
- 2) Pangajaran sastra mangrupa salah sahiji tujuan pikeun bahan pangajaran anu aya dina kurikulum SMA dumasar kana SKKD.

### 1.5. Wangenan Operasional

Wangenan operasional perlu diterangkeun sangkan henteu salah dina méré tafsiran kana judul tur masalah panalungtikan.

Di handap ieu dipedar heula ngeunaan watesan istilah sacara léksikal unggal variabel dina judul nu ditalungtik.

## 1) Ajén

Ajén nya éta pangaji, harga (LBSS, 1994: 4). Ajén anu dimaksud di dieu nya éta lain harga anu hartina bisa diukur ku angka, tapi ajén-inajén anu raket patalina jeung norma kahirupan anu bisa dijadikeun cecekelan hirup.

## 2) Kaagamaan

Kaagamaan asal kecap tina agama (Sansekerta), nya éta kapercayaan ka Nu Maha Suci jeung aturan-aturan ibadahna (LBSS, 1994: 5).

## 3) Novél

Novél téh nya éta prosa rékaan (fiksi) anu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritaanana atawa plotna kompléks (Iskandarwassid, 1992: 91).

4) Novél *Masyitoh* karya Ajip Rosidi téh mangrupa salah sahiji karya sastra anu eusina medar kahirupan di nagara Mesir anu dipingpin ku raja Fir'aon anu jadi sesembahan rahayatna. Masyitoh téh hiji emban urang Israil anu ngawulaan putrina Fir'aon, anu ditibanan hukum pati lantaran embung nyembah Fir'aon.

## 5) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran téh nya éta salah sahiji alat tina sistem panagajaran anu ditepikeun ku guru ka siswa dina prosés diajar-ngajar (KBM) anu luyu jeung kurikulum.

6) SMA

SMA nya éta salasihiji lembaga pendidikan formal, boh negri boh swasta, anu meunang panangtayungan ti Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. Lembaga formal anu mangrupa tuluyan ti pendidikan Sekolah Menengah Pertama (SMP).

### 1.6. Léngkah-léngkah Garapan

Rarancang garapananna nu rék dipigawé dina ieu panalungtikan téh runtuyanana saperti ieu di handap.

#### 1) Tahap Tatahar

Léngkah-léngkah garapan dina ieu tahapan ngawengku:

- a) Ngayakeun ulikan pustaka;
- b) Ngasongkeun rarancang panalungtikan;
- c) Nyieun rarancang panalungtikan;
- d) Konsultasi ngeunaan garapan skripsi ka pangaping.

#### 2) Tahap Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah garapanana ngawengku:

- a) Maca jeung neuleuman novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi kalawan gemet;
- b) Nangtukeun struktur caritaan dina novél *Masyitoh* anu mangrupa téma, para palaku, jeung latar (*sétting*);
- c) Nganalisis ajén kaagamaan dina novél *Masyitoh* karangan Ajip Rosidi;
- d) Maluruh luyu henteuna ajén kaagamaan dina éta novél pikeun pangajaran sastra di tingkat SMA.

### 3) Tahap Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun satuluyna diolah dumasar kana téhnik-téhnik ngolahna nu geus dipedar saméméhna. Léngkah-léngkah garapanana ngawengku:

- a) Mariksa deui data-data nu geus dikumpulkeun;
- b) Unggal data dipasing-pasing dumasar kana rarancang nu geus ditangtukeun, luyu kana struktur caritaan novél anu mangrupa téma, palaku, jeung latar (*sétting*) sarta ajén kaagamaan dina éta novél;
- c) Ngolah data;
- d) Nyieun kacindekan tina nu geus diolah.

### 4) Tahap Nyusun Laporan

Tahap pamungkas tina hasil panalungtikan nya éta nyusun laporan. Data-data hasil panalungtikan nu geus diolah tuluy disusun sacara sistematis, dumasar kana aturan nu geus matok dina wangun skripsi.

Rarancang eusi skripsina ngawengku:

#### BAB I BUBUKA

- 1.1. Kasang Tukang
- 1.2. Rumusan jeung Watesan Panalungtikan
  - 1.2.1. Rumusan Panalungtikan
  - 1.2.2. Watesan Panalungtikan
- 1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan
  - 1.3.1. Tujuan Panalungtikan
  - 1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

- 1.4. Anggapan Dasar
- 1.5. Wangenan Operasional
- 1.6. Léngkah-léngkah Garapan

## BAB II TATAPAKAN TIORI

- 2.1. Panganteur
- 2.2. Novél
  - 2.2.1. Wangenan Novél
  - 2.2.2. Kamekaran Novél
  - 2.2.3. Unsur-unsur Intrinsik Novél
- 2.3. Ajén Kaagamaan
  - 2.3.1. Ajén
  - 2.3.2. Ajén Kaagamaan
- 2.4. Wangenan jeung Fungsi Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda
  - 2.4.1. Wangenan
  - 2.4.2. Fungsi Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda
- 2.5. Tujuan Pangajaran
- 2.6. Ngalaksanakeun Kagiatan Diajar
- 2.7. Évaluasi Pembelajaran

## BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

- 3.1. Méhode jeung Téhnik Panalungtikan

- 3.1.1. Méthode Panalungtikan
- 3.1.2. Téhnik Panalungtikan
- 3.2. Sumber Data
- 3.3. Populasi jeung Sampel
  - 3.3.1. Populasi
  - 3.3.2. Sampel

#### BAB IV ANALISIS AJÉN KAAGAMAAN NOVÉL *MASYITOH* KARANGAN AJIP ROSIDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA

- 4.1. Struktur Carita Novél
  - 4.1.1. Téma
  - 4.1.2. Palaku / Tokoh
  - 4.1.3. Latar (*sétting*)
- 4.2. Ajén Kaagamaan dina Novél *Masyitoh*
- 4.3. Bahan Pangajaran Ajén Kaagamaan Novél *Masyitoh*
  - 4.3.1. Ambahan Bahan Pangajaran
  - 4.3.2. Bahan Pangajaran Novél dina KTSP

#### BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

- 5.1. Kacindekan
- 5.2. Saran

